Yosodipuro, Sastronegoro.

(RONGGOWARSITO TERDIAM, SEDIH
SATIR)

Emanipun seratan swargi Rama
Pajangswara, sadayanipun sampun
ical tanpa lari.

(JEDAH)

Manawi panjenengan kersa, malah
mangke kula panggihaken kaliyan
Dhimas Puspawilaga.

Utawi, hambokbilih wonten
keparengipun Kangjeng Gusti, saged
maringaken ngampil seratan-seratan
kula dhumateng Tuwan Saleh.

JEDAH.

RONGGOWARSITO

Semanten ugi mesthinipun Tuwan
Saleh ugi kedah maos seratanipun
Kangjeng Gusti ingkang salangkung
nengsemaken.

MANGKUNEGORO IV

Aku bisa ngusahakake seratan-
seratane Kang Mas kanggo Yayi Saleh
awujud tedhakan.

Besuk bisa takaturke nalika
lukisanku wus dadi.

RADEN SALEH

Menawi mekaten, matur nuwun.

Kula kinten langkung prayogi manawi
seratan-seratanipun Kang Mas menika
sagêd wiwit dipuncithak utawi
dipundamel kathah têdhakanipun,
pamrihipun supados langkung kathah
tiyang ingkang maos.

Sakbotenipun langkung gampil
dipunpanggihaken bukunipun samangsa
badhe kawaos.

Mumpung ing Tanah Jawi nedhengipun
tumangkar ngrembaka wontenipun
mesin cetak

RONGGOWARSITO

Sanadyan ing ngriki taksih kathah
warga ingkang wuta aksara!

Ing wêkdal punika kemawon,
Bramartani namung anggadhahi
langganan kirang langkung kalih
atus sangang dasa, saking tigang
atusan ewon gunggunging warga ing
Surakarta

Gunggung lengganan semanten kemawon
ugi botên ajêg, kalamangsa tambah,
utawi kirang.

RADEN SALEH

Inggih, senajan sakedhik,
mliginipun ingkang sami kersa maos
punika badhe sagêd mangêrtosi
pemanggih lan penggalihan
panjenengan?

Botên namung saking pawarta lala
wora, bebasan ujure mbok bakul
sinambewara.

RONGGOWARSITO

Punapa sampun prayogi bilih seratan
kula kalawau dipuncithak lan
dipundamel kathah?

Menapa malih badhe bêtahakên
prabeya ingkang botên sakêdhik
gunggungipun, lha rak makaten inggih
Tuwan?

RADEN SALEH

Pamanggih kula, serat-serat
anggitan Den Bei minangka
Pujangganing Keraton Surakarta,
prayoganipun pantes dipuncithak.

Menika pancen kedah dipunwaos
tiyang kathah.

Dados botên namung dados waosaning
para priyayi lêbêt keraton, utawi
saking *Instituut der Javaansche
Taal te Soerakarta* kemawon.

Semonten awit hadegipun *Instituut
der Javansche Taal te Soerakarta*
punika anggadhahi kewajiban
nyinaoni basa lan kasusastran Jawi
kangge para amtênar Nederland
Indies supados sagêd mranatan para
kawula.

Gusti lan Den Bei kêdahipun
langkung dene mangêrtos kados pundi
Instituut punika ndhudhah kawruh-
kawruhipun tiyang Jawi.

Piyambakipun mangêrtos sangêt bab
mupangatipun gêgulang kawruh Jawi
kangge kabêtahanipun pamarentah
Walandi.

Sintên malih ingkang dados tuk
sumbering kawruh punika manawi
boten kangmas Bei?

Anyithak serat-serat anggitanipun
Den Bei saha Kangjeng Gusti menika
boten namung prekawis ndadosaken
kathah kemawon, ananging kados
pundi pamanggih lan penggalihan
kita saged dipuntampi pabrayan
agung.

Kang Mas, semanten ugi Gusti, saged
kasebat sulih sariraning tiyang
Jawi, amargi sagêd nerangaken bab
kawruh Jawa, kados pundi tiyang
Jawi mriksani donya.

MANGKUNEGORO IV

Iya iya, pancen kudu kita wiwiti.

Pancen Kang Mas wis melu
nyengkuyung adeging ariwarti
Bramartani, lan wektu semono uga
melu anyengkuyung *Instituut der
Javaansche Taal te Soerakarta*.

Ananging iku kabeh isih durung
paja-paja manawa katandhingake karo
kasugihaning kawruhmu ta Kang Mas?

Malah jagad wis ngakoni, para ahli
alih basa manawa ngundang Kang Mas
kanthi sebutan *voldoende bron* Jawa.

JEDAH.

RADEN SALEH

Saderengipun Den Bei rawuh, kula
matur dhateng Kangjeng Gusti
prekawis menapa ingkang kula
lampahi nalikanipun wonten
Yogyakarta.

Kawruh babagan pandhudhahing candhi
ingkang kapêndhêm, fosil-fosil
jaman kina, sedaya kala wau kangge
mangertosi sajarahing kabudayan
Jawa. Sinau kanthi wewaton ngelmu
alam kang ilmiah.

Kamangka wonten serat-serat babad
Jawi asring sanget nyariyosaken
mula-bukane manungsa menika saking
dewa-dewi ingkang têdhak dhateng
ngalam Donya, lajeng nglairaken
para nabi ngantos ratu-ratu Tanah
Jawa, cethanipun dumugi samenika
kita menika tedhak turunipun.

Menika benten sanget, pundi ingkang
leres?

Hu Allah Hu Alam

Menika gagasan ingkang beda saestu,
ananging narik kawigatosan, nggih,
ta?

MANGKUNEGORO IV

Iya iya, kuwi cetha wigati.

Piye Kang Mas, kaya adate aku saguh
mbiyantu prabeya kanggo nyetak.

RADEN SALEH

Kita ugitansah mbudidaya nuwuhaken grengsenging manahipun para pribumi supados saged lan remen maos saha nyerat.

Kula kinten, inggih Kangjeng Gusti ingkang saged amiwiti.

Kangjeng Gusti saged ada-ada ngawontênakên pamulangan maos lan nyerat kangge warga pribumi, sakbotenipun dhumatêng para abdi panjenengan rumiyin,

sangsaya kathah ingkang saged maos lan nyerat mesthinipun langkung sae tumrapipun Jawi.

Kula kinten Gusti inggih prayogi sanget manawi paring idi palilah marengaken kagunganipun naskah-naskah dipunwaos dening soksintena kanthi ambikak *bibliotheek*.

MANGKUNEGORO IV

Ya ya.

RADEN SALEH

Ing tlatah Eropah, *bibliotheek* sampun kalebet wigatos sanget tumrap warga ing sadengah papan, kangge kamajenganing jaman.

Ing ngrika kula asring ngelengaken wekdal, awit boten saged tumbas sedaya buku-buku ingkang kula betahaken.

Pramila kula asring sanget manpangataken *bibliotheek*

Ing Batavia lan Buitenzorg sampun wonten Bibliotheek, emanipun namung sekedhik sanget pribumi ingkang sami dhateng ing ngrika.

Kados-kados karaos bilih papan
punika namung kangge tiyang Eropah.

MANGKUNEGORO IV

Ya ya ya...

RADEN SALEH

Manawi ing sakawit namung Den Bei,
Gusti, lan para priyantun ageng
ingkang dados sumbering ngelmu,
Sasampunipun wonten *bibliotheek*
tamtu ugi badhe dados tuk sumbering
ngelmu lan kawruh, tumrap sok
sintena.

Nanging ingkang wigatos samenika
kados pundi paring wewarah maca lan
nulis.

RONGGOWARSITO

Kapitadosan ugi kawruhipun tiyang
Jawi tartamtu benten kaliyan tiyang
Eropa.

Kita anggadhahi tata cara piyambak
kangge mangertosi kawontenan, lan
ugi pratikel anggenipun
nglampahaken.

Boten sami, raosipun

Sajatosipun, pambudidayanipun bab
maos lan nyerat punika sampun
kalampahan kanthi sae wonten ing
pesantren dhusun-madhusun

Ananging menawi kaetang inggih
boten kathah.

Murid-murid kula inggih boten
sepintena.

Miturut pamanggih kula bab
pamulangan menika badhe andadosaken
kawigatosanipun para kawula. Lan
punika pancen dados tanggeljawab
kita.

Shot 6

Abdi Dalem perempuan masuk membawa nampan berisi kopi.

MANGKUNEGORO IV

Kok sajake wigati temen ya.

Hawane cocog karo ngombe kopi.
Kopi saka Gunung Lawu.

Mumpung lebar panen gedhen, mangga
kudu dicoba, iki kopi sing spesial.

Abdi Dalem perempuan meninggalkan ruangan.

MANGKUNEGORO IV

Mbok, iki kopi saka Tawangmangu,
ta?

ABDI DALAM

(SAMBIL MENOLEH KE MN IV)

Nggih Gusti

MANGKUNEGORO IV

Ayo dicoba kopi Tawangmangu, yen
sing iku mau teh saka Kemuning.

Loro-lorone padha asli pametu saka
gunung Lawu.

RADEN SALEH

Gandanipun nyegrak sanget.

MANGKUNEGORO IV

Kopine isih seger, lagi wae anggone
nggangsa.

Menawa rayi Saleh isih rada
sawetara, kita bisa plesir dhisik
menyang Tawangmangu, mengko
bebarengan nginêp ana ing
Pasanggrahan Sri Katon.

Ing kono luwih atis hawane
tinimbang ing Buitenzorg, kaya neng

awang-awang, mesthi mathuk kanggo
yayi Saleh.

RADEN SALEH

Saged benjing manawi kula sowan
mriki malih.

Mereka bertiga mulai minum kopi.

RONGGOWARSITO

Tuan Saleh, kados pundi kawontenan
ing Batavia?

RADEN SALEH

Kopi lan gendhis, gendhis lan kopi,
inggih namung makaten ingkang sami
dipunrembag. Kangge kula bab
makaten punika inggih karaos
njelehi.

Dene sakmenika kula wonten ing
pabrik gendhis!

Manising gêndhis kaangkut ngantos
saindenging jagad. Dene gêtiripun
inggih kita ingkang ngraosaken.

MANGKUNEGORO IV

Pabrikku ora kaya ngono.

Apa kang gawe untunge walanda, uga
kudu agawe bathine kawula.

Pabrik Colomadu iki siji-sijine
pabrik kang diduweni pribumi.

Apa ora elok? tur akeh wong Eropa
kerja ana kene, kerja miturut
prentahku.

Aja mung wong manca kang ngrasakne
kamulyan, ananging kita kudu mulya
uga.

RADEN SALEH

Punapa sekecanipun ugi
dipunraosaken pegawe-pegawe menika?

MANGKUNEGORO IV

Mesthine.

Saorane para pegawe kang padha
nyambut gawe ing pabrikku, lan
bebrayan ing pangayomaning Praja
Mangkunegaran.

RADEN SALEH

Kula lajeng enget nalika lelampahan
kula saking Batavia, para buruh
angangkut asiling perkebunan.

Wonten ing Priyangan saged kasil
panen ingkang ngremenaken, nanging
para buruh punika boten ketingal
sayah lan nglokro.

Sairinging margi, wonten pos-pos
menika sedaya sami. Pasuryanipun
katingal bingah.

Para buruh lajeng sami kendel
anggenipun nyambut damel, tansah
tumungkul nalika spoor kula liwat,
kakinten kula niki pengagenging
Kompeni.

Malah ingkang sami nitih kuda ugi
mandhap ing nalikanipun *Kreta*
turangga kula sampun caket. Para
buruh sami nyelehaken barang-barang
ingkang dipun panggul, lan sedaya
pribumi ingkang pinanggih kaliyan
kula sami nungkulaken badanipun
ngantos kula mêngkêraken.

RONGGOWARSITO

Menika awujud urmat, wonten ngriki
inggihi sami.

Menawi sampun boten pitados dhateng
dhiri pribadinipun piyambak, lajeng
punapa ingkang saged kita
tindakaken?

RADEN SALEH

Menawi makaten menika punapa boten kalebet keladuk?

Wonten Eropa sinten kemawon badhe angangkat pasuryanipun, boten rumaos langkung asor tinimbang tiyang sanes.

Titiyang ngrika namung badhe asung urmat dhateng sinten ingkang pantes kinormatan.

Tiyang pribumi wonten ngriki, remen sanget ngasoraken dhirinipun piyambak. Amargi saking kacingkrangan, lan rumaos kasoran.

Ewa samanten, nalika kula nyipeng wonten dalemipun para Bupati, menika tansah sarwa-sarwi dening kasugihan.

Para Bupati anggenipun mbayar gambar kula langkung awis katimbang tiyang Eropa. Tur malih malah kula dipundhawuhi nggambar sedaya kaluwarganipun.

Ananging para kawula ing sakiwatengening dalemipun Bupati tetep kacingkrangan.

Makaten menika harak damel prihatosing manah, nggih, ta?

RONGGOWARSITO

Nanging manawi dipun galih, pancen tetiyang Eropah ugi ingkang anjalari kawontenan dados makaten.

Raos ajrih nalika paprangan menika sampun mbalung sungsum.

Pangraos dipunkasoraken lelajengan kaliyan tiyang manca punapa dene sesamining pribumi. Mesthinipun karaos kaningaya saestu.

Pranatan-pranatan pancen dipundamel
- saperlu kangge nglanggêngaken bab
punika.

Sedaya sampun dipunatur.

Prasasat kita boten
dipunkeparengaken mlampah radi
rikat nalika ngliwati jembatan
utawi wonten ing margi ageng.

Punapa ingkang dipunsumelangi
dening tiyang ingkang namung saged
lumampah?

RADEN SALEH

Amargi asiling Bumi saking Tanah
Jawi, bangsa Walandi dados bangsa
ingkang sugih bandha bandhu.

Sadaya wewengkon pulo Jawi prasasat
mujudaken pabrik-pabrik ageng
gadhahanipun *Nederlandsch-Indië*.

Cultuurstelsel andadosaken ekonomi
bangsa Walandi kukuh, saged
nglunasi utang, pajeg-pajeg kadamel
mirah, saged ambangun baluwarti,
terowongan saha rel spoor uga
dipunbangun, sedaya mujudaken
bebathen ingkang dipunpundhut
saking dhusun-dhusun tlatah Jawi.

Semanten ugi blanja kula rikala ing
ngrika, awit saking aduskringeting
bebrayan Jawi. Prekawis ingkang
tansah ndadosaken awrating pikiran
kula.
Lajeng cara kados pundi anggen kula
saged mangsulaken.

Wonten ngrika, kula ngimpi-impi
bangsa Jawi sami manggih kamulyan.

Kosok wangsul, sasampunipun kula
dumugi ing Jawi, ingkang kula
sumurupi inggih jiwa-jiwa asor,
menika amargi saking tumindakipun
pangwasa Netherland Indie ingkang

ngasoraken pribumi, saha raos
kamanungsan menika piyambak.

Wonten ing sadhengah papan
dipuntanemi tebu, kopi, teh, saha
tarum. Malah ngantos dumugi ing
wewengkon ingkang mesthinipun boten
cocok dipuntanemi taneman-taneman
menika.

Senadyan asilipun terus mindhak,
ananging ing sadengah papan taksih
wonten paceklik. Amargi sabin-sabin
ingkang mesthinipun dipuntanemi
pantun dipungantos taneman
komoditas donya.

Ewa semanten para wedana lan bupati
malah tansaya sugih singgih, ing
mangka namung eca sekeca. Amargi
inggih tetiyang punika ingkang
dados lantaraning *Cultuurstelsel*.

Shot 7

RS berdiri menuju samping.

RADEN SALEH

Panjenengan tamtu taksih emut
Gusti, duk rikalanipun wontên
kadadosan banjir bandhang gangsal
tahun kepengker.
para kawula Jawa botên anggadhahi
daya punapa-punapa, sami kêsrakat.

kanthi simpenan tetedhan ingkang
boten sepintena, saben dinten sami
kaliren botên wontên ingkang paring
pambyantu

para kawula sagêdipun namung
ndêdonga, murih toya bêna enggal-
enggal asat
Para kawula tanpa anampi pitulungan
saking pangrèh praja lan
Nederlandsch-Indië.

rikala semantên, sedaya namung
angudi murih kawilujenganipun
piyambak

MANGKUNEGORO IV

Nalika iku kahanane pancen angèl.
Aku lagi bisa awèh pitulungan
marang kawulaku kang kêtaman
banjir, nyatheti anane korban jiwa,
sarta kapitunaning bandha donya
sawetara dina sabanjure. Iku wae
ora gampang merga dalan lan krêtêg
akeh kang padha rusak angel
dilewati
Mengkono uga para pejabat Walanda
iya ora padha siap ngadhepi ananing
banjir bandhang iku.

RADEN SALEH

Kawula alit ingkang tansah
kesrakat, nalikanipun katrajang
bebaya botên anggadhahi cêcêpêngan

RONGGOWARSITO

Inggi kados makatên wau, kathah
kawula ingkang botên anggadhahi
cêpêngan. Para kawula badhe ngupaya
menapa kemawon ingkang sagêd
dipuncêpêngi, sanadyan botên
mangertos punapa-punapa ingkang
dipuncêpêng kala wau.

Kawontênan samangke, kenging
kawastanan risak. Kahanan sampun
kathah rubeda kang ngreribeti, awit
botên wontên malih ingkang minangka
dados patuladan.

Sampun kathah tiyang ingkang nilar
paugêran lan pitutur luhur. Para
sarjana lan sujaneng budi ugi
sampun kèlu kabêkta ilining jaman
ingkang kirang mikantuki. Awit
jagad sampun karoban rubeda ingkang
ngrêribêdi.

Beda tiyang, ugi beda pênggalih lan
pamanggihipun.

Kados sampun sinerat ing Serat
Panitisastra, bilih ing jaman
ingkang sarwi ribêd lan risak
punika tiyang ingkang sae
bebudenipun malah dipun singkur lan
botên dipun-ginakakên malih.

Menawi dipun-galih kanthi premati,
punapa pedahipun anggêga kabar
pawarta lalawora. Menika malah
nambah sisahing manah. Kula kinten
langkung prayogi angiket cariyos
jaman kina kemawon.

RW berdiri menuju samping.

RONGGOWARSITO

(NEMBANG)

*Amenangi jaman édan
éwuh aya ing pambudi
Mèlu édan nora tahan
yèn tan mèlu anglakoni
boya kaduman mélik
kalirèn wakasanipun.*

JEDAH

RONGGOWARSITO

Nanging kadosa menapa sedaya kala
wau sampun tinakdir dening Gusti
Allah. Sabeja-bejane kang lali isih
luwih begja kang eling lan waspada.

MANGKUNEGORO IV

Apa kira-kira ya nganti semono ta
ya Kang Mas?

RONGGOWARSITO

Sasampunipun perang Dipanegara,
kita lan panjenengan sami
dipundamel dening Walandi supados
sami cubriya

Keraton ing Ngayogyakarta lan
Surakarta ugi sampun kecalan
kathahing wewengkon wilayahipun
awis sampun karebat
dening Walandi.

Makaten ugi ing bab politik lan
ekonomi sami kirang panguwaosipun

Kados dene sakmegaring payung,
sakedhik pakurmatanipun ugi namung
semu kemawon.

Awit pakurmatan namung lestari
dhumateng para pangeran lan
priyagung lebet keraton, supados
para kawula ugi boten ewah
anggenipun kurmat dhumateng
keraton.

Pakurmatan ingkang kados dene
aling-aling supados para kawula
sami miturut lan boten ngraman
dhumateng panguwasa Walandi

Awit sadaya dhawuh dalem kedahipun
angsal palilah saking Tuwan
Residhen lan Gubernur Jenderal.

JEDAH

RONGGOWARSITO

Ananging sinten ta kula punika?

Kasagedan kula namung nyerat

Kanthi panggalih ingkang wening,
meper babahan nawa sanga

Supados saged ambuka warana ingkang
boten katingal wujudipun

Panutup sakathahing tetengeran
kawontenan ingkang awrat lan kathah
bebaya.

Sasampunipun warana punika kabikak,
sadaya kasangsaraning donya saged
dipun-udhari

Mangertos manahipun kumedah paring
wewarah, bilih manungsa punika
mliginipun namung pasrah kemawon

JEDAH

RONGGOWARSITO

Kamangka, namung kangge ngupaya upa
kemawon kula kedah ngasoraken dhiri
pribadi.

JEDAH

Shot 8

RADEN SALEH

Rikala kula gambar kahanan banjir
gangsal tahun kepengker lan
sadèrèngipun kula ugi damêl gambar
pambestanipun Pangeran Dipanêgara

Karaos bêtèr manah kula.
Kados dene redi Merapi kang sumadya
anjeblug.
Makantar-kantar!

Lajêng tuwuh raosing manah kula.
Punapa kedah dipun-ungalaken malih,
kobaring latu paprangan ingkang
sampun dipunadani dening Pangeran
Dipanegara?

RONGGOWARSITO

Tuwan, jaman samanten sampun bentên
kaliyan kawontenan jaman samangke

Rumiyin taksih kathah para
pangeran, nayaka praja, kyai,
santri, sodagar, petani,

bramacorah, bajingan lan
sapanunggalanipun sami tembayatan
awit saking rêkaosing gêsang
kajajah dening Walanda.

Ing jaman samangke, raos manunggal
sampun sirna ical tanpa lari. Amung
tansah mênggalih untuning pribadi
tanpa mênggalih kapitunaning tiyang
sanès.

Kula lan panjênêngan menika ugi
botên anggadhahi daya ingkang kiyat
menawi badhe ngawontenaken kraman.

JEDAH

RONGGOWARSITO

Lan kula panjênêngan punika sinten?
Punapa wonten ingkang anggadhahi
sedya badhe ngraman?

RADEN SALEH

Wontên ing Prancis, para kawula
sami sayuk saeka praya saperlu
nggulingaken rajanipun ingkang
botên purun angewahi sistem pilihan
(hak pilih).

Kathah tetiyang priyayi Perancis
ingkang rumaos dipun damel
kapitunan punika, sami nuntut hak
politikipun.

Menapa malih nalika ekonomi
Perancis kocar-kacir jalaran kawon
kaliyan industri Inggris, pramila
kathah perusahaan2 ageng lan para
sodagar-sodagar alit ingkang
manggèn sairingipun rel spoor sami
kapitunan bibar pangudi
sadeyanipun.

Nalika samanten boten wonten malih
priyantun ingkang ageng
pangaribawanipun ingkang kiyat,

pramila ingkang dipunprelokaken
raos manunggaling sedya.

Tetiyang ing Perancis sami medal
dhateng margi kanthi ngasta
sawarnining pirantos sawontenipun
saperlu kangge nuntut hak
kebebasanipun.

Emanipun.sasampuning Raja Louis-
Philippe lan kluarganipun
kalampahan kèndhang, kawontenan
nagari sangsaya tintrim duk
rikalanipun para kawula alit taksih
nedhengipun wonten ing margi2
saperlu nuntut hak-hakipun pikantuk
padamelan.

Ing salaminipun wulan Juni 1848
kalebet dinten2 berdarah, para
buruh ingkang kepeksa nganggur lan
sami kalupan wangsul medal ngebaki
margi2.

Kawontenan ingkang adamel
tintriming para kawula wiwit
karaosaken pramila lajeng kadadosan
perang antar golongan.

Ewasamanten sinaosa karaos awrat,
nanging kawula alit tetep nuntut
hak-hak politikipun.

Liberte, egalite, fraternite,
minangka hak kebebasan, kesetaraan,
lan persaudaraan.

Miturut pamanggih kula, ing ngriki
boten prelu wontenipun priyantun
ingkang ageng pangaribawanipun,
nanging ingkang perlu manunggaling
tekad kangge berjuang sesarengan.

MANGKUNEGORO IV

Kraman iku prakara kang gedhe

Udakara lagi telung puluh tahun
iki, para kawula ngrasakake kahanan
kang ayem, manawa kapetung saka
dumadine perang Dipanegara

Kajaba saka iku, para priyagung
pribumi uga wis rumangsa enak
kepenak melu Walanda, awit wis
mulyakake dheweke.

Coba penggalihen, 'kultuur
percenten' nyatane para bupati kang
wewengkone kalebu subur ing Ujung
Wetan Jawa bisa oleh bathi kang ora
sethithik saka pametuning bumi
kanggo dedagangan ana Mancanagara
(*cash crops*), uga amarga
Kultuurstelsel.

Rasane tanggeh yen ana priyayi gedhe
sing bakal gelem manunggal karo
sawijining ada-ada kraman kaya kang
dilakoni nalika jamane Diponegara.

Jamane saiki wis beda. Awake dhewe
iki wis urip ing alam modern.

Kabawah Walanda iku malah bisa
agawe bathi marang para priyagung
lan panggêdhening pribumi, sanadyan
aku uga ngerti manawa isih akeh
kawula alit kang kasrakat uripe.

RADEN SALEH

Makaten punika tegesipun raos
bedhamèn ingkang ngrampas ajining
dhiri kita!

MANGKUNEGORO IV

Mangertiya yayi, kawula cilik lagi
wae bisa miwiti nata panguripane
maneh. Sejatine iyaa para kawula
cilik iku sing nandhang kasusahan
duk kalane ontran-ontran dumadi.

RONGGOWARSITO

Nuwun sewu Gusti, kraman utawi
pêrang mênika, saestunipun
sedyanipun kangem para priyagung
menapa kangge kawula alit?

Utawi perang kalawau namung dados
kêrsanipun para pangeran utawi

pêngagêng kemawon? Anggènipun
kuwatos manawi panguwaosipun dipun
ungkuli dening Walanda?

Sagêd ugi tumrapipun kawula alit
inggih sami kemawon, antawisipun
dipunayomi dening para priyagung
Jawi utawi priyagung Walandi.

Kawula alit tetep kedah asung bulu-
bekti minangka pajeg, saking
pamêdaling pakaryanipun ingkang
boten sepintena dhumatêng
panguwaos.

Wontên pajêg siti, pajêg panèn, lan
ugi pajêg kawilujengan.

MANGKUNEGORO IV

Sik-sik kangmas. Aku kepengin crita
sethithik magêpokan karo apa kang
daktindakake sasuwene iki.

Aku uga tansah mbudidaya murih para
kawulaku ora kabotan anggone
makarya jalaran pangwasaku.

Mula prakara *ekonomi* iki kang
banget dakpresudi luwih dhisik.
Pangajabku supaya para kawula ora
ana kang kêluwèn.

Mangertiya, jebul nora gampang
miwiti prekara iku, isih ana wae
pepalange saka pamarentah
Nederlandsch-Indie utawa wong Jawa
dhewe.

Upamane, aku durung bisa njabel
balilêmah kang wus disewa Tuwan-
tuwan pengusaha saka Eropa.

Mula saka iku, kapeksa lêmah
bengkoke para abdi dalêm lan
punggawa Mangkunagaran daksuwun lan
bengkoke mau daklironi kanthi cara
upah gaji sabên sasi.

Saka lemah lungguh iku mau,
daktanduri tanduran komoditi ekspor
kayadene tandurane Kompeni kang
payu ana Mancanagara.

Lekas kang mangkono iku bae, ora
kabeh abdiku padha sarujuk, amarga
sadurunge wis rumangsa kêpenak mung
nampani dhuwit saka sewan lemah
bengkok, cukup lungguh tanpa
makarya.

Sawise dakganti kanthi cara upah
gaji, gelem ora gelem dheweke uga
kudu makarya.

Wiwitane pancen abot, ananging
mbaka sethithik malah bisa ditampa
lan katon kepenak anggone makarya.
Ora amung prakara *ekonomi* ananging
uga prakara ajining dhiri kawulaku
uga bisa dak-undhakake.

Pabrik iki lan papan pakaryan
liyane bisa dakanakake.
Awit kanggoku, luwih utama bisa
aweh kamardikan marang kawulaku.
Prasaja wae... Manawa kawulaku bisa
mangertèni apa kang dadi pakaryane,
iku wis cukup agawe bombong atiku.

Tartamtu para kawulaku bakal bisa
nemokake kamardikan kanthi cara
laku lan makarya.

Aku tansah mbudidaya nandukake
wewarah telung prakara marang para
kawulaku kang dadi gegebengane wong
urip, yaiku *wirya* utawa kaluhuran,
arta utawa kemakmuran, lan *wasis*
utawa kapintêran.

Amarga iku kang dadi pratandha
ajining dhiri manungsa. Aja nganti
salah sawiji bae ora diduweni
dening kawulaku. Awit manawa nganti
sepi, bebasan isih luwih aji
godhong jati aking, temah uripe
papa sêngsara lan kalunta-lunta.

Piwulang têlu iku bisa agawe
mundhak ajining manungsa, supaya
bisa padha satimbang drajate
antarane manungsa siji lan liyane.

Dak kira, Iku kang luwih wigati
kang enggal daktindakake marang
kawulaku.

RADEN SALEH

Ingkang makatên kalawau namung
mligi karaosaken dening para kawula
ingkang wontên sahandhap
pangayomanipun Gusti,

Ing mangka tanah Jawa punika
pranyata wiyar. Taksih kathah
tiyang Jawi ingkang botên kasrambah
dening kawicaksananipun Kangjeng
Gusti.

MANGKUNEGORO IV

Prakara kang wigati ana ing sakiwa-
têngêne awake dhewe iki ora amung
prakara ajining diri bae. Ananging
uga ana prakara liyane kaya ta
kukum kang ora adil, kemlaratan,
lan kesrakating kawula.

Uga prakara liyane manèh kang agawe
sêngkêling atiku.

Akeh pawongan kang sênêng sêsorah
nggugu benere dhewe, rumangsa yen
pribadhone dhewe sing paling bener.
Malah akeh kang ucape nggawa
nggegendheng kapitayan utawa agama.

Solah lan panganggone kaya-kaya
ngemba Kangjêng Nabi
Ananging kanyatane mung kanggo
sêsongaran, ambêg kumalungkung

Sadurunge makarya mampir sêdhela
ana mesjid, pamrihe entuka mukjizat
bisa munggah pangkat.

Kang kaya mangkono iku, kang diudi
sejatine mung kulit bae tanpa

mangêrtèni isi hakikate. Kawruh
kang diduwèni ora mumpuni, ora bisa
mêdhar surasane Kangjêng Nabi.

Dheweke wis lali marang jati
dhirine, solahé digawe-gawe karêbèn
antuk pangalêmbana ana sajroning
mesjid agung.

Menawa sêsorah suaranê mèmper
têmbang dhandhanggula, keprungu
sora sajak sêsumbar ngajak padudon.

Oh, karêping ati mêksa niru Kangjêng
Nabi, nanging pranyata mung
nggunggung dhiri supaya dialêm
ngêrti pêkih, lan nduweni pangajab
bisa antuk rahmat.

Ya kaya mangkono iku saka panêmuku
durung mangêrti cara Arab nanging
uga ora gênêp budayane dadi wong
Jawa.

Iku kang gawe sêngkêling atiku,
wong kang ngrasa paling bener.

Wong-wong kang kaya iku, ngibarate
kaya dene gêni murub sajroning
brambut.

Geneya kok ora kaya Sunan Bayat
bae, "Jawa digawa, Arab digarap!"

RONGGOWARSITO

Inggih Gusti, saestu jaman samênika
sampun worsuh jagadipun

Shot 9

RONGGOWARSITO

Kasunyatanipun bangsa kita
anggadahi sujarah pasulayan
ingkang panjang, Gusti. Pasulayan
alit samsaya agêng, andadosakên
paprangan.

Lajêng dados wutahing ludira,
tundhonipun raos kamanungsan musna.

Pasulayan ing ngantaranipun
kulawarga, sanak-sadhèrèk, tangga-
têpalih, lan wusananipun para
pêngagêng sami congkrah. Pasulayan
sesamining bangsa!

Mbok manawi ing benjingipun,
kabudayan kita ingkang adiluhung
sagêd musna jalaran trekahipun
bangsa kita piyambak.

Lan wontên bangsa sanes ingkang
mlêbêt, sarana dhedhemitan ingkang
anggadahi kekiyatan sarta adamel
kisruh mlebet ing saselaning
cecongkrahan.
Wasana kalampahan nyidra bebathen
saking swasana ingkang kisruh kala
wau ngantos botên wontên ingkang
sis.

Sinten tiyangipun ingkang boten
pengin nundhung Walandi oncat
saking bumi tanah Jawi?

Punapa kanthi cara perang?

Perang anjalari kathah bebanten
ingkang badhe tumempuh dening para
kulawarga, Kathah ingkang ical,

boten mangertos ing pundi
dunungipun.

Wantun perang ateges sampun samekta
ing samudayanipun, kalebet jiwa
raganipun.

Perlahan kabut masuk ke ruangan, seperti hujan akan datang.

RADEN SALEH

Lajêng punapa ingkang kédah
dipuntindakakên?

Semua terdiam, kabut semakin pekat.

RADEN SALEH

Punapa tansah kendel lan mènèl
kemawon, pasrah dhateng kawontenan!

MANGKUNEGORO IV

Miturut sliramu kepriye?

Raden Saleh hanya diam.

MANGKUNEGORO IV

Kudu miwiti perang?

Kabut semakin tebal, terdengar suara petir meski belum turun
hujan.

RONGGOWARSITO

Kula panjênêngan sedaya botên prelu
menggali ingkang maneka warni.
jalaran punika sanes jejibahan kita

RADEN SALEH

Lajêng kados pundi kédahipun, den?

RONGGOWARSITO

Dèrèng titi wancinipun para warga
pribumi anggadhahi griya piyambak-
piyambak, ugi sariranipun piyambak,

RONGGOWARSITO

Pêsthinipun Gusti Allah sampun
tinulis,
Bilih redi-redi ingkang inggil
badhe mêngdhak, jurang-jurang trêbis
badhe manginggil,
Lan wontên tiyang-tiyang katundhung
saking nêgarinipun jalaran kawon
pêrang,

Ananging sampun ngantos kalintu,
Mênawi mêngdhakipun arga sampun
mêsthi katingal tilasipun,
Bèntên kaliyan jurang trêbis,
Sanadyan sampun manginggil, mênawi
tanpa kakiyataning sêsanggèn,
tamtunipun badhe runtuh,
Sêdaya badhe kalampahan awit
kêrsaning Allah benjing manawi
sampun titi wancinipun: Sirna tata
èsthining wong.

Kabut semakin tebal, terdengar suara petir meski belum turun hujan.

RONGGOWARSITO

Nalika samanten sedaya sedya bakal
tanpa dadya,

sedaya ingkang ginalih tanpolih,
ingkang rêraton-raton rantas,
ingkang mamrih kaluhuran
tundhonipun pinanggih kasoran

Ing ngriku, amung Kantun nêngga
bêbênduning Allah ingkang
andhatengi

amargi sampun kongas kanisthanipun
kawula, para priyagung ical
agungipun awit wani wirang wedi
mati.

Tiyang alit, boten ngrumaosi ing
alitipun,

Para alim sajatosipun amung alim
pulasan. Pêthak sandhanganipun,
ananging jêne awon manahipun,
bebasan njaba putih njero kuning.

Ngulama sami tumindak maksiyat.
Madat, Madon, Minum, Main,
mamprung surban kêthu pêthakipun
sami kabanting samargi-margi

Para wanita nir wadonira,
awit kaprabawan rukmi lan salaka

Amung Sodagar-sodagar ingkang
gadha panguwasa salêbêtipun jaman
kang nistha. Marmanipun sadaya
kawontênaning jagad sami anandhang
kasangsaran, badhe kalampahan ing
benjing, **Nir sad èsthining urip.**

Titik wanci tahun punika kasangsaran
ingkang sakalangkung awrat, manawi
sedaya tiyang sampun boten
anggadahi niat mosik manahipun,
mertobat dhateng Ingkang maha
Kawasa.

Gelas Ronggowarsito terbang mendekatinya, ia tangkap
kemudian meminumnya.

RADEN SALEH

Kening punapa dene dèn bei botên
kersa ngginakakên kasantikan punika
kemawon?

RONGGOWARSITO

paedahipun punapa?

RADEN SALEH

Supados musna kasangsaraning kawula
tanah Jawa

RONGGOWARSITO

Punapa panjenengan sampun
mênggalih, punapa sababipun
kadadosan punika taksih sinêngkêr.

Raden Saleh berdiri merasa kesal.

RONGGOWARSITO

Jagad anggadhahi pranatanipun
piyambak, Tuwan. Botên
samêsthinipun kita ngrumiyini
karsaning Gusti ingkang sampun
pinêsthi.

RADEN SALEH

JAGAD! JAGAD!

RONGGOWARSITO

Ewah-ewahan punika ing benjing
sampun mesthi badhe kalampahan.

Ronggowarsito meletakkan gelasny.

RONGGOWARSITO

Nalikanipun kita panjênêngan sedaya
sampun botên wontên ing ngriki malih

RADEN SALEH

Namung mriksani saking katêbihan?

RONGGOWARSITO

Manawi dèrèng titi wancinipun,
sêdaya pambudidaya punika ugi badhe
muspra.

RADEN SALEH

Dadi ya mung pasrah ngono wae,
kangmas?

RONGGOWARSITO

Nggih emanipun namung saged
makatên, tuwan.

Raden Saleh menggenggam gelas di tangannya dengan kencang
hingga gelas pecah. Kabut semakin pekat menutup wajah Raden
Saleh.

2. EXT. HUTAN - SIANG

Shot 10

Ditengah hutan yang sedikit berbukit kabut tebal menjadi transisi dari scene sebelumnya. MN IV, RS dan RW berada di hutan ini dengan jarak yang berjauhan, mereka memakai kostum yang sama seperti scene sebelumnya, karena scene ini adalah dimensi lain dari scene sebelumnya, yang ingin menggambarkan sisi magis dari ketiga tokoh.

RONGGOWARSITO

Ananging kédah emut bilih Gusti
Pêngeran punika asipat Maha Asih.
Badhe kawêca dening titi wanci
ingkang sampun pinêsthi, supados
sêdaya ingkang sinêdya sagêd
kasêmbadan.

Inggih taksih nunggal jamanipun ing
madya akhir. **Wiku sapta ngèsthi
ratu.** Ing ngriku sampun kêrsaning
Hyang Manon, nalikanipun para ratu
sampun sami asih, adil paramarta
dhateng kawulanipun.

Kados bêbasan tiyang ngantuk anêmu
kêthuk samargi-margi, sok sintêna
ingkang manggihi kêthuk badhe
ginanjar kabingahan, awit sajroning
kêthuk punika kaisi kêncana sêsotya
abyor.

MANGKUNEGORO IV

Ora-ora, awake dhewe ora kêna
pasrah kewala.

Aku lan sliramu kuwi duweni
kaluwihan tinimbang para priyayi
liyane.

Kaluwihanmu minangka juru gambar,
minangka pujangga kang bisa
mangerteni akasawakya bebasan weruh
sadurunge winarah, lan aku minangka

pangarsa praja, kabeh iku duweni
jejibahan dhewe-dhewe.

Pangajabku bisaa dadi sarana
kamardikan lan kamulyaning kawula,
saora-orane kanggo pribadhone
dhewe.

Pranyata isih akeh jejibahan kang
kudu dilakoni.

3. INT.RUANG TAMU/KANTOR ADMINISTRASI PG COLOMADU - DAY

Shot 11

Dengan transisi kabut ketiganya sudah kembali berada disini.
Kabut perlahan menghilang. Mereka lebih santai, seperti
ketiganya memahami apa yang sedang dan akan terjadi, saling
paham tanpa berbicara sepatah katapun.

End.

Title

**"Ronggowarsito wafat pada tahun 1873, setelah delapan hari
sebelumnya meramalkan kematiannya. Penyebab kematiannya
masih misterius hingga kini."**


**"Raden Saleh wafat pada 23 April 1880. Pada tahun 1869 ia
dicurigai menghimpun pemberontakan meskipun akhirnya tidak
terbukti."**

**"KGPAA Mangkunegoro IV wafat 1881. Ia meninggalkan
kemakmuran yang berlimpah bagi Praja Mangkunegaran"**

CREDIT TITLE

Tim Produksi “Simpang Masa”

Produser	: Jepri Ristiono Subiyanto
Penulis Skenario & Editor	: Subiyanto
Pemeran	: Sosiawan Leak Turah Hananto Yustinus Popo Sariyem Rizky Fauzi Al Hakim
Penerjemah Bahasa Jawa	: Bayun Marsiwi Permata Aji Bagianana Mulia
Supervisi Bahasa Jawa	: Drs. K.R.T. Supardjo Hadinagoro, M.Hum.
Line Produser	: Mukhlis Anton Nugroho
Asisten Produksi	: Ali Yafie Muzaki Riza Alif Aulia
Asisten Sutradara	: Ratna Putri Wardani
Script Continuity	: Vivi Helmalia Putri
Clapper	: Vivi Helmalia Putri
Sinematografer	: Hananta Kusuma WP
Asisten Camera 1	: Dzaki Samhari
Asisten Camera 2	: Ilham Ardi Prasetyo



Gaffer	: Halim Fajar Nugroho
Lighting	: Daiva Enda MS Joe tegar
Art Director	: Bureg la Sandeq
Art Crew	: Dwi Wahyu Cahyono Rizky Fauzi Al Hakim
Wardrobe	: Dhea Sancia Janita Meilina Eka Safitri Yuniar Eka
Make Up	: Bambang Sugiarto
Asisten Make Up	: Tarjo W Kusuma
Motion Grafis	: Muhammad Asyraf
Sound Design	: Wirid Nugroho
Asisten Sound mixer	: David Tandayu
Boom Operator	: Michael Fabian
Musik komposer	: Gardika Gigih
Pengrawit	: Nanang Bayu Aji Jepri Ristiono
Music Scoring Mixing	: Victor Pradipta
Sketsa	: Eko Yulianto

Still Photo

: Angga Bakti Efendy

Behind The *Scene*

: Bagus Isro' Arif Prabowo

Daniswara Surya Rakhasiwi

